

## Tèm pou Konnen

**Plan Daksyon pou Opresyon:** yon plan alekri ki kreye avèk doktè timoun ou an pou ede jere opresyon timoun ou an

**Edikatè pou Opresyon:** yon ekspè nan opresyon ki travay avèk pasyan yo epi fanmi yo pou jere opresyon epi amelyore kalite lavi a

**Espesyalis Lavi Timoun:** yon pwofesyonèl swen sante ki fòme pou soutni timoun ak fanmi yo pou yo fè fas ak defi pandan sejou yo nan lopital la

**Travayè Sante Kominotè:** yon manm nan kominote a ki ka ede pou divès kalite sèvis sosyal ak anviwònmanal pou amelyore kalite swen yo

**Kontwòlè:** medikaman li pran CHAK JOU (menm lè pa gen sentòm) pou kenbe sentòm yo sou kontwòl

**Nemològ:** yon doktè ki espesyalize nan poumon yo ak sistèm respiratwa

**Sekou/Soulajman Rapid:** yon medikaman ki aji rapidman ki ede kontwole sentòm yo byen vit

**Espasè:** yon tib ki tache ak inalatè ou pou rann li pi fasil pou medikaman yo antre nan poumon ou

**Deklanchè yo:** bagay ki fè opresyon w vin pi mal

**Enfimyè/Enfimyè Vizitè:** ofri swen espesyalize nan kay epi sipò pou fanmi yo

---

## Kontak Enpòtan

Pedyat/Founisè Swen Sante

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Nemològ/Espesyalis Opresyon

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Famasi

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_



---

## Ale Lakay avèk Opresyon

Sèvi ak lis kontwòl sa a pou ede w prepare pou egzeyat pou tounen lakay ou

**Pou Pasyan Pedyatrik ak Adolesan yo ak Moun k ap okipe yo**

NewYork-  
Presbyterian

WITH WORLD-CLASS DOCTORS FROM  
COLUMBIA Weill Cornell  
Medicine

## Founisè Swen Sante yo

- Mwen konnen kilè pou m rele founisè swen timoun mwen an konsènan sentòm opresyon yo.
- Mwen gen yon randevou ki pwograme avèk founisè swen timoun mwen an.

Dat/Lè: \_\_\_\_\_

- Mwen gen yon randevou ki pwograme avèk **nemològ\*** / espesyalis opresyon timoun mwen an.

Dat/Lè: \_\_\_\_\_

## Siy Opresyon

Mwen konnen siy avètisman/sentòm bonè yo nan opresyon timoun mwen an (tcheke tout sa ki aplike):

- Tous/Tous Lannwit
- Respirasyon Siflan
- Doulè nan Pwatin/Pwatin Sere
- Fatig
- Souf Kout
- Gòj Grate
- Diminasyon nan Apeti
- Pa Jwe Kòm Dabitid
- Lòt: \_\_\_\_\_

## Sentòm Opresyon yo

Mwen ka idantifye **deklanchè\*** timoun mwen an epi pran dispozisyon pou evite yo (tcheke tout sa ki aplike):

- Bèt Nwizib yo (Sourit, Ravèt)
- Mwazi
- Tan Frèt
- Viris Rim
- Bèt Kay (Chen, Chat)
- Egzèsis (Pale avèk espesyalis opresyon ou sou fason pou evite sentòm opresyon egzèsis pwovoke.)
- Estrès/Anksyete
- Fimen
- Lòt: \_\_\_\_\_

## Sipò Anplis pou Opresyon

- Mwen te rankontre avèk yon **Edikatè nan Opresyon\*** pandan vizit mwen an.
- Mwen te rankontre avèk yon **Espesyalis Lavi Timoun\*** pandan vizit mwen an.
- Yo te ofri m yon **Travayè Sante Kominotè.\***
- Yo te ofri m yon **Enfimyè/Enfimyè Vizitè.\***

## Medikaman/Aparèy

- Mwen konprann **Plan Daksyon pou Opresyon\*** timoun mwen an.
- Mwen konnen ki medikaman timoun mwen an bezwen ak kijan pou m itilize yo kòrèkteman.
- Mwen konnen enpòtans pou m itilize yon **espasè\*** avèk medikaman timoun mwen an.
- Mwen ka eksplike kijan pou m prepare medikaman timoun mwen an.
- Mwen konnen kilè timoun mwen an dwe pran medikaman **kontwolè\***.
- Mwen konnen kilè timoun mwen an dwe pran medikaman **desekou/soulajman rapid\***.
- Mwen konnen kijan pou m verifiye si medikaman yo ekspire oswa si m bezwen renouvèlman medikaman yo.
- Mwen konnen kijan pou m renouvle preskripsyon timoun mwen an.

\*Tanpri sèvi ak seksyon "**Tèm pou Konnen yo**" kòm referans pou plis enfòmasyon